



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON APÈL DÒF POU FIM PLANIFIKASYON AK ENJENIRI KI PRAL EGZEKITE PLAN VIZYON POU AYEWOPÒ JFK A

Ekip pwojè yo chwazi a pral mennen pwosesis avanpwojè rezime a ak elaborasyon an pou rekonstriksyon 10 milya dola JFK a

Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2018 la gen ladan finansman pou pwojè 1.5 milya dola Van Wyck Expressway ak Kew Gardens Interchange yo pou amelyorasyon aksè woutye a sou JFK - Faz I ak II yo Fini

Pwochen etap prensipal yo nan egzekisyon plan vizyon Gouvènè a pou JFK - dekri [isit la](#)

Desen achitekti yo pou nouvo JFK a disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey) ap lanse yon Apèl Dòf (Request for Proposals, RFP) pou avanpwojè rezime ak konsepsyon pou rekonstriksyon 10 milya dola Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a (John F. Kennedy International Airport). RFP a se yon pa devan enpòtan nan egzekisyon plan vizyon Gouvènè a pou JFK, ki dekri nan ajenda Eta Leta a an 2017 la.

“Ayewopò Entènasyonal JFK a se yon pòt entènasyonal ki ouvè sou New York ak yon motè ekonomik pwisan ki gen potansyèl devlope plis toujou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ogmante kapasite li, amelyore aksè a ak kreye yon kad inifye pou youn nan ayewopò entènasyonal ki pi gran nan nasyon an, nouvo Ayewopò JFK a ap vin yon sant aktivite ekonomik ak yon ayewopò klas mondyal nan kalib New York merite a.”

RFP a konplete avèk 1.5 milya dola Eta a konsakre a amelyorasyon nan Van Wyck Expressway ak Kew Gardens Interchange ki pral amelyore aksè sou ayewopò a ak redwi anbouteyaj. Faz I ak II yo, nan pwojè Kew Gardens Interchange la nan Queens santral, fini. De etap esansyèl sa yo pral fasilite transfòmasyon Ayewopò JFK a an yon ayewopò inifye, klas mondyal ki pral reponn demann 21^{yèm} syèk la epi k ap adapte a kwasans espektakilè an demann pasaje ki prevwa a.

Fim ki chwazi a pral swiv modèl ki prezante nan Plan Vizyon Gouvènè a pou re-imaginer tèminal yo, vwa woutye yo, AirTrain nan, pakin nan, enstalasyon pou kago yo, kote pis yo ak amelyorasyon ayewonotik yo, ak enfrastrikti soutyen an nan ayewopò a.

Annakò avèk bi Gouvènè Cuomo a k ap mennen nan nasyon an ki se 30 pousan patisipasyon Antrepriz ki Gen kòm Pwopriyete Minorite ak Fi (Minority and Women-owned Business Enterprises, MWBE), konstriksyon nouvo Ayewopò JFK a pral ofri founisè sèvis MWBE yo ki nan Awondisman Queens nan ak toupatou nan Rejyon Metwopoliten New York la anpil opòtinite ekonomik. Ogmantasyon itilizasyon konpayi MWBE yo nan kontra eta yo se kle siksè pwogram MWBE a. An 2014, Gouvènè Cuomo te etabli pi gwo objektif nan nasyon an pou akizisyon MWBE yo rive a 30 pousan.

Plan Vizyon pou JFK 21yèm Syèk la

Baze sou rekòmandasyon Panèl Konsiltatif sou Ayewopò Gouvènè a (Governor's Airport Advisory Panel), Gouvènè Cuomo [te anonse](#) yon plan vizyon ki prezante yon kad konplè, pou tout ayewopò a pou kreye yon ayewopò klas mondyal inifye. Pou reponn a kwasans espektakilè ki prevwa nan ayewopò a nan dekad k ap vini yo epi pou ekonomi New York la kapab kontinye vanse, plan Gouvènè a pral transfòme JFK an yon ayewopò klas mondyal ki inifye ak entèkonekte, li pral amelyore aksè woutye sou ayewopò a ak agrandi transpò an komen pa tren an pou reponn a kwasans an pasaje ki prevwa a, epi an menm tan ofri yon sèvis kliyantèl klas mondyal. Plan an pral gen ladan teknoloji sekirite dènve kri anndan tèminal yo tou, epi l ap fè avanse efò yo pou amelyore sekirite ayewopò a an jeneral.

Yon fonksyon santral nan rekòmandasyon Panèl lan se pou chak pwojè vanse devan nan sistèm yon konfigirasyon tèminal lan ki pi inifye epi fè li vin pi fasil pou pasaje yo kapab konekte ant tèminal yo.

- Tèminal ki Entèkonekte yo: Elaji nouvo tèminal yo epi redevlope epi relokalize sa ki pi ansyen yo. Pandan ke nouvo tèminal yo ap elaji, yo ta dwe konsevwa pou konekte ak tèminal avwazinant yo fason ki pi posib yo. Pandan ke ansyen tèminal yo ap rekonstwi epi redevlope, planifikasyon yo ta dwe kenbe an kont vizyon yon ayewopò ki inifye.
- Ranje Wout ak Pakin ki Nan Ayewopò JFK an yo: Plan vizyon an detaye nesosite pou demele rezo espageti ki konfi an nan wout ayewopò yo ki mennen nan divès wout etwat ak pwen abouteyaj yo. Plan an souliye nesosite pou transfòme rezo otowout sa ki gen plizyè pwen abouteyaj ak wout etwat yo nan yon apwòch “wout periferik” ki ap pèmèt aksè ki pi fasil epi ki pi rapid nan tout tèminal yo, ki enkli pou taksi, pataj wout ak pou alokasyon veyikil yo. An plis nouvo espas pakin santralize yo nan plan “wout periferik” lan pral pèmèt opsyon pakin klè akoutèm ak alontèm yo nan tou ayewopò a.

Panèl Konsiltatif sou Ayewopò a te devwale rekòmandasyon yo nan yon rapò konplè, ki disponib [isit la](#).

Yon investisman 1.5 milya dola pou Van Wyck Expressway ak Kew Gardens Interchange

Youn nan rekòmandasyon pi enpòtan yo nan Rapò Panèl Konsiltatif Gouvènè a se te nesesite diminiye anbouteyaj sou vwa woutye yo ak amelyore aksè sou ayewopò a. Tan vwayaj aktyèl nan JFK yo enprevizib epi yo ka dire nenpòt kantite ant 35 minit jiska de èdtan. Yonn nan pwoblèm ki pi konsiderab yo nan aksede JFK a se wout etwat ki nan Kew Gardens Interchange ki ant Grand Central Parkway, Van Wyck Expressway, Jackie Robinson Parkway ak Union Turnpike. Eta a konsakre 1.5 milya dola pou ajoute yon vwa nan Van Wyck Expressway ak pou rekonfigire echanjè ant Grand Central ak Van Wyck la, ki pral fè otomobilis yo ekonomize yon tan vwayaj konbine 7.4 milyon èdtan chak ane pou ale ak soti nan JFK.

Faz I an te gen ladan laji yon pòsyon nan Van Wyck Expressway, ak reyabilite ranp pou soti sou bò Van Wyck ki pral nan nò a ki mennen sou bò Queens Boulevard ki pral alès la, kat pon ki pase anlè Van Wyck, Pon Van Wyck la anlè Main Street ak Pon Queens Boulevard la anlè Main Street, ak konstwi vwa segondè sou toude bò nò ak sid Van Wyck yo ant Grand Central Parkway ak Main Street ak ofri yon vwa ki fèt pou soti sèlman nan direksyon sid sou Hillside Avenue. Faz II pwojè a te laji bò Van Wyck Expressway ki pral nan nò a pou fè l rive twa vwa epi li te ranplase ranp antre yon sèl vwa ki te konekte Jackie Robinson Parkway ak Union Turnpike avèk bò Van Wyck Expressway ki pral nan nò a avèk yon nouvo ranp de vwa.

Ogmante kapasite transpò an komen an pou reponn a kwasans ki prevwa a

Plan vizyon Gouvènè a egzije konsiderasyon de jan pou amelyore transpò an komen pa tren ki ale JFK a an repons a kwasans espektakilè kantite pasaje yo nan JFK.

Etap 1: Elaji AirTrain JFK an

Ogmante kapasite a soti de vagon pou rive kat pa tren epi ogmante frekans li an - Chanjman sa yo pral pèmèt AirTrain lan pou prèske double kapasite li epi jere plis pase 40 milyon pasaje chak ane.

Amelyore fasilite nan koneksyon nan Metwo a oswa LIRR pa entèkoneksyon ki rekonstwi totalman nan Jamaica ak Sutphin Blvd – Remanye konplètman metwo a ak koneksyon Long Island Railroad lan ak AirTrain JFK a. Amelyorasyon sa yo ta pral enkli ekipman modèn esansyèl yo tankou asansè ak eskalye a wot pèfòmans yo, chaje estasyon yo epi elaji koulwa yo. Yon balkon ki modènize pral kreye sikilasyon ki pi senp ak transfè ki pi fasil nan AirTrain lan ki enkli acheminman ki amelyore yo ak ekran LED sitiyasyon vòl avyon yo. Ou kapab jwenn isit la imaj Jamaica Station ak koneksyon AirTrain ki transfòme a.

Etap 2: Eksplòre fezabilite trajè yon sèl chèz yo nan JFK

JFK se yonn nan sèl ayewopò majè yo nan mond lan ki pa ofri vwayajè yo yon trajè yon sèl chèz nan sant vil li an. Kidonk, panèl lan rekòmande pou MTA ansanm ak patnè li yo eksplòre ansanm fezabilite trajè yon sèl chèz la nan JFK.

Otèl TWA Flight Center a nan JFK

Otèl TWA Flight Center a sou chimen pou fini nan kòmansman 2019, avèk fouy yo, travay dal beton an, ak ranfòsman enstalasyon asye a ki yo tout ap fèt kounye a apre [kòmansman konstriksyon](#) an Desanm 2016. TWA Flight Center a pral kreye yon otèl 500 chanm nan ayewopò a nan JFK, gras a re-itylizasyon adapte tèminal istorik Saarinen TWA a, epi ofri yon enstalasyon klas mondyal pou pòt ouvè entènasyonal premye klas sou nasyon an.

Enfòmasyon sou Ayewopò Entènasyonal JFK

Ayewopò JFK an akeyi plis pasaje entènasyonal nan peyi Etazini ke nenpòt lòt ayewopò ki nan peyi a. Ayewopò a se yon motè ekonomik rejyonal ki vital ki ap desèvi yon rekò 59 milyon pasaje an 2016, epi li sipòte plis pase 285,000 travay ane pase. Volim pasaje yo nan JFK kontiye ap ogmante, avèk 23.1 milyon pasaje disi me, yon ogmantasyon 1.4 pousan pa rapò a menm peryòd la lane pase, epi ki mete JFK sou chimen sèvi apeprè 60.5 milyon pasaje an 2017.

Yo prevwa ke kantite pasaje yo nan JFK pral ogmante dramatikman pandan pwochèn plizyè dekad yo – pou rive 75 milyon apati 2030 ak 100 milyon pasaje apati 2050. JFK aktyèl lan pral atenn kapasite sa apati mwatye 2020 yo. Pou chak milyon pasaje yo ke JFK pa rive akomode, rejyon an pèdi anviwon 140 milyon dola nan salè yo, 400 milyon dola nan lavant yo, ak 2,500 pòs travay.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418